



Pou Piblikasyon Imedya: 09/03/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU ESTANDA BAZ KOMEN

“Te gen yon diskisyon ankou sou Estanda Baz Komen nan tout peyi a, ak nan eta sa tou. Mwen te bay pozisyon m deja sou kesyon sa pandan ke mwen dakò avèk objektif Estanda Baz Komen an, mwen kwè aplikasyon l pa Depatman Edikasyon Eta (SED) te pwofondeman andomaje. Plis tan ap pase, se plis mwen gen konviksyon sou pozisyon sa a

“Yon kantite espesyalis kap ogmante te kesyone entelijans pwogram Estanda Baz Komen SED a ansanm e edikatè objektif yo nan eta te jwenn ke aplikasyon an gen pwoblèm, pou di sèlman sa. Nouvo Komisyonè Edikasyon an te eritye pwoblèm sa a e mwen konprann ke li te rankontre avèk paran, edikatè ansanm avèk elèv yo, e li te tandè menm preyokipasyon yo. Pa twò lontan de sa, SED te fè kòmantè sou efò ki te òganize pou fè paran yo chwazi pou pa aksepte tès ofisyèl yo. Pandanke mwen konprann pwoblèm nan ak enkyetid valab SED, mwen senpatize avèk fwistrasyon paran yo.

“Nou dwe gen estanda pou elèv New York yo, men estanda sa yo pral travay sèlman si moun yo— espesyalman paran yo— kwè nan yo ak nan kapasite pou edike timoun yo. Pwogram Baz Komen aktyèl la pa fè sa. Li ta dwe.

“Reyalite a sèke pwogram Baz Komen an nan New York pa travay, e yo dwe fikse l. Nan faz sa, moman an vini pou yon revizyon global sou aplikasyon Estanda Baz Komen, pwogram etid, gid ak tès nan fason pou adrese enkyetid lokal yo. Map pran aksyon sa a se pa paske mwen pa kwè nan estanda, men se paske mwen kwè.

“Nan tan lontan, mwen te anplwaye yon Komisyon Edikasyon pou fè rekòmandasyon san patipri, solid sou refòm yo nan sistèm edikasyon nou an. Li te travay trèbyen. Mwen pral mande yon gwoup reprezantan nan Komisyon sa, enkli espesyalis nan edikasyon, pwofesè, paran, Komisyonè Edikasyon ak reprezantan lejislativ yo pou egzamine pwoblèm yo ki te souve anwo a epi bay rekòmandasyon atan pou diskou mwen a Eta sou sitiyasyon Eta nan mwa janvyè.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418